2-ГІА ЛЕКЦИ. Предложенин коьрта меженаш. Предложенин коьртаза меженаш. Предложенин шакъаьстина меженаш. Цхьалхечу предложенин чолхейалар.

План

1. ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТА МЕЖЕНАШ

1.1. Подлежащи

1.2. Сказуеми

2. ПРЕДЛОЖЕНИН КОЬРТАЗА МЕЖЕНАШ

2.1. Нийса кхачам

2.2. Лач кхачам

2.3. Къастам

2.4. Латтам

3. ПРЕДЛОЖЕНИН ШАКЪАЬСТТАНА МЕЖЕНАШ.

3.1. Шакъаьсттана кхачам

3.2. Шакъаьсттана латтам

3.3. Шакъаьсттана къастам

4.ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН ЧОЛХЕЙАЛАР

4.1. Карчамаш

Пайдаэца коьрта литература

1. Навразова Х.Б. Чеченский язык: Описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения. Назрань, 2013. – 306 с.

2. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004. – 273 с.

3. Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. II дакъа. Синтаксис. Грозный, 1985 – 126 с.

4. Халидов А.И. Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат. Соьлжа-ГIала, 2012. – 448 с.

Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш: коьрта а, коьртаза а меженаш, подлежащи, сказуеми, нийса кхачам, лач кхачам, къастам, латтам, номинатив, эргатив, генатив, датив, локатив, шакъаьсттана меженаш, причастин карчам, деепричастин карчам, дустаран карчам, дурс.

1. Предложенин коьрта меженаш

Нохчийн меттан предложенин меженаш шина кепара йу: 1) коьрта меженаш а, 2) коьртаза меженаш а.

Предложенин коьрта меженаш шиъ йу: подлежащи а, сказуеми а.

1.1. Подлежащи

Подлежащи – коьрта меже йу. Предложенехь шех лаьцна дуьйцучух подлежащи олу. Нохчийн меттан подлежащино билгалйоккху – цхьа хIума деш волчун маьIна а (субъект действия), сказуемино къастийна билгало шегахь къуьйлуш волчун а (субъект признака) маьIна а.

Кхечуьнга ца йолучу предложенешкахь а подлежащи цIерниг дожарехь лаьтта. Масала:

*Тхоьга **хьеший** баьхкира.*

*Бешахь **олхазарш** дека.*

***Султан** аьхка курорте вахара.*

***Буьйса**. **Шийло**. **Шийло**. **Дарц**.*

*Лаьтта диллина лайнан **кац**.*

Кхечуьнга йолучу предложенешкахь (эргативни конструкци) подлежащи дийриг дожарехь лаьтта. Масала:

***КIанта** дечиг доккху.*

***Идриса** итт къолам ийцира.*

***Нанас** йоIе хьехар дора.*

Подлежащи уггар хьалха цIердашах хуьлу, масала:

***Хьасан** сихонца кечвелира.*

***Хьусейна** дика доьшу.*

***Автобус** схьакхечира.*

***Буьйса** Iаьржа йара.*

***Буьйсано** Iалам дижадо.*

Подлежащи кхечу къамелан дакъойх хила а тарло, цIердешан маьIнехь уьш хилахь, масала:

1. ЦIерметдашах а, цIердашах санна, подлежащи хуьлу:

***Со** балха вахара.*

***Ас** болх бира*

*Хьох теша **тхо**.*

***Оха** цунна дечиг даьхьира.*

Вай *йухадевр дац!*

Шу *сема хилалаш!*

Аша *тхоьца хаза гIиллакх лецира.*

Уьш *талла бахара.*

Цара *хьехархочунна, йиначу денца йазъеш, совгIат дира.*

2. Лаамечу билгалдашах а хуьлу подлежащи:

Расхани**г** *хьалхайелира къовсамехь.*

Воккхачо *жимачунна гIо дора.*

3. Лаамечу масаллин а, рогIаллин а терахьдашах подлежащи хуьлу, масала:

Цхьаъ *схьавеара, ткъа* ***шолгIани*****г** *дIавахара.*

ВорхI *цхьаьнга хьежац.*

Шозза ***шиъ*** *- диъ.*

Хьалхарчо *схьакховдийра соьга кехатан цуьрг.*

4. Лаамечу причастих а подлежащи хуьлу, масала:

ТIехвери**г** *вистхилира.*

Вистхилларг *дIаволавелира.*

Кхеттачо *тIаьхьабиснарш Iама бо.*

5. Масдарх а подлежащи хуьлу, масала:

Дешар *- серло,* ***цадешар*** *– бода.*

6. Хандешан билгалзачу кепах а подлежащи хила тарло, нагахь санна иза цIеран маьIнехь лелахь, масала:

ХIусамехь ***даа-мала*** *шорта хиллера.*

7. Лаамазчу билгалдашах а хила тарло подлежащи, нагахь санна иза цIеран маьIнехь далош хилахь, масала:

*Хьан «****хаза****» суна кхин ма хаза!*

8. Айдардашах а хила тарло подлежащи, нагахь санна иза цIеран маьIнехь далош хилахь, масала:

Ура *геннахь хезаш дара.*

*Дада вочу хьолехь меттахь Iуьллучу хенахь цуьнан «****ахI****» хезна дац цхьанна.*

9. Куцдош а лела тарло подлежащи а хилла, нагахь санна иза цIеран маьIнехь лелаш хилахь, масала:

*КIордийна суна хьан «****кхана****».*

10. Цхьана мехаллица, цхьа маьIна а долуш, цхьаьнакхеттачу дешнех хIоттаман подлежащи хуьлу, масала:

ГIиллакх лардар *дика ду.*

Хьехархо хилар *атта гIуллакх дац.*

Ши стаг *тIевеара тхуна.*

З. Д. Джамалхановс шен учебника тIехь подлежащин 4 тайпана подлежащи билгалдоккху: цIерниг-номинатив, дийриг - эргатив, лург - датив, меттигниг - локатив, ткъа Ю.Д. Дешериевс кхин пхоьалгIаниг а – доланиг - генатив.

Номинатив. *Бешахь олхазарш дека.*

Эргатив. *Нанас йоIе хьехар дора*

Генатив. *Сан сагатло*.

Датив. *Суна Даймохк беза.*

Локатив. *КIанте латта ахкало.*

Амма вай лакхахь къаста ма-дарра, подлежащи шина кепара бен хуьлуш дац: номинатив, эргатив бен. Цу кеппара, генатив, датив, локатив санна хIинццалц къастийна подлежащещ номинатив ду.

1.2. Сказуеми

Сказуеми – предложенин коьрта меже йу.

Кхечуьнга ца йолучу предложенехь сказуемино барт бо, нагахь санна и хандош-сказуеми грамматически классашца а, терахьца а хийцалуш хилахь, подлежащица терахьехь а, грамматически классехь а, масала:

а) сказуемино грамматически классех барт бина подлежащица:

КIант *школе* ***вахара***.

ЙоI *школе йахара*.

Етт *цIа* ***беана***

ДогIа *деана*.

б) сказуемино цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь барт бина подлежащица:

*КIент****ий*** *мехкаршка* ***хьовсу***.

*Мехкар****ий*** ***совцу***.

*Бежна****ш*** ***дIалаьхкина***

в) цхьаллин а, дукхаллин терахьашца а, грамматически классашца а хийцалуш доцчу хандашах хиллачу сказуемино, кхечуьнга ца йолучу предложенехь урхалла до подлежащина:

Іуьйранна ***малх*** ***схьакхийтира***.

ЙоI *хIинца* ***схьакхаьчна***.

Ваха ***сецира***.

Кхечуьнга йолучу предложенин конструкцехь сказуемино барт бо нийсачу кхачамца, нагахь санна сказуеми терахьашца а, грамматически классашца хийцалахь, терахьехь а, грамматически классехь а, масала:

а) сказуемино грамматически классех барт бина нийсачу кхачамца:

*Аслана Совдате **кехат** **д**аийтира.*

*Совдата **сочинени** йаз**й**ира.*

*КІанта щен **кхача** **б**иира.*

*Зеламхас щен **мостагІ** **в**ийра.*

б) сказуемино цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь барт бина нийсачу кхачамца:

*Светафоран цІечу бІаьрго машен**аш** **совцийра**.*

*Президенто министр**аш** **лаьхкира**.*

в) цхьаллин а, дукхаллин терахьашца а, грамматически классашца а хийцалуш доцчу хандашах хиллачу сказуемино, кхечуьнга ца йолучу предложенехь урхалла до нийсачу кхачамна:

*Дауда соьга **куьг** **кховдийра**.*

*БІаьхочо **наб** **ца кхоьтуьйту**.*

1. Сказуемеш хуьлу цхьалхе а, цІеран хІоттаман а, хандешан хІоттаман а, ийна хІоттаман а. Дукхахьолахь сказуеми хандашах хуьлу.

Муьлххачу а саттаман хандашах хиллачу сказуемих **хандешан цхьалхе сказуеми** олу.

Хандешан цхьалхечу сказуемин хьокъехь хила тарло кхечуьнга довлу хандешнаш а, кхечуьнга ца довлу хандешнаш а, масала:

а) кхечуьнга ца довлучу хандашах хилла цхьалхе сказуеми :

Со хьоьца вогІу.

Дешархо школе гІо!

б) кхечуьнга довлучу хандашах хилла цхьалхе сказуеми

Дешархочо киншка йоьшу.

Трактороо охана до.

1. Хандешан билгалзачу форманах а, муьлххачу а цхьана саттаман долчу гІоьналлин хандашах а лаьттачу сказуемих **хандешан хІоттаман сказуеми** олу. Хандешан хІоттаман сказуемехь хандешан билгалзачу формано подлежащин дар билгалдо, ткъа гІоьналлин хандашо цкъа-делахь, саттам а, хан а гойту, шозлагІа – делахь, дар доладалар а, дахдалар а, чекхдалар а, цуьнан таро а, лаар а билгалдо. И хандешнаш хила тарло кху кепара: *лаа, доло, гІерта, кечвала, хаа, хІотта, мага,*

хьажа, волавала, тардала, тохавала, тига, йоло, сихвала, йалла , эша, деза, кхиа, и.дI.кх. **Масала:**

Дешархой экскурсе баха кечбелира.

Яхас киншка йеша йолийра.

I. ЦIеран хIоттаман сказуеми олу цIеран декъах а (цIердашах, билгалдашах, терахьдашах, цIерметдашах йа церан маьIнехь лелачу кхидолчу муьлххачу къамелан декъах), гIоьнан хандешан хоттамах а лаьттачу сказуемих а. Цул совнаха, цIеран хIоттаман сказуеми йуьззанчу предложенехь бен ца хуьлу (шена чохь ши а коьрта меже йолу предложени).

ЦIеран хIоттаман сказуемин кепаш, шен хIоттаме хьаьжжана, кху кепара кхоллайелла хила тарло:

1) цIердош а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

Ахьмад хьехархо ву

Цуьнан нана хьелийозархо йу.

Хьан декхар ма-хуьллу сиха дIакхачар ду.

2) билгалдош а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

Чорпа йовха йу.

Стигал сийна йу.

ЦIеран хIоттаман сказуемин хIоттамехь долу дакъа-билгалдош мухаллин хилла ца Iа. Иза хила тарло йукъаметтигаллин а, доладерзоран а билгалдешнех лаьтташ, масала:

Урс болатан ду.

Урс Вахин ду.

3) цIерметдош а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

И бедарш сан йу.

Стохка тIамо дохийна цIа тхан ду.

4) лааме причасти а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

И стаг хьалха суна гинарг ву.

Хие дохийна цIенош буьйдачу кибарчигех динарш ду.

5) йахначу хенан лаамаза причасти а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

Керт аьхкина йу.

И стаг лазийна ву.

6) деепричастин караруч хенан форма а, гIоьнан хандош а цхьаьнадарца , масала:

КІант дика доьшуш ву. ← *КІанта дика доьшу.*

ЙоІ йоьлуш йу. ← *ЙоІ йоьлу.*

ДогІа догІуш ду. ← *ДогІа догІу.*

Некъ чекхболуш бац← *Некъ чекх ца болу.*

7) терахьдош а, гІоьнан хандош а цхьаьнадарца, масала:

Уьш виъ ву.

И кІант шолгІаниг ву цуьнан.

Ккхузза кхоъ исс ду.

8) куцдешан а, латтаман а форманаш , гІоьнан хандашца цхьаьнадарца, масала:

Машен генахь йу.

Цуьнан зуда Шелара йу.

Йоккхах йолу йиша марехь йу.

Массо а цуьнгахьа ву.

II. Ийна хІоттаман сказуеми олу цІеран хІоттаман а, хандешан хІоттаман а сказуемийн дакъош эделлачу сказуемих, масала:

Яха кехат йаздан дагахь йу.

Со хьан накъост хила кийча ву.

Асмаъ балха йаха декхарийлахь йу.

Иза эхь ду.

Амма:

Суна эхь хета и дан.

Сан ккхузахь сагатло. ← *Сан ккхузахь са гатло.*

Цу кеппара хандешан **хІоттаман** сказуеми кхаа кепара хуьлу: цІеран хІоттаман сказуеми, хандешан хІоттаман сказуеми, ийна хІоттаман сказуеми;

ЦІеран хІоттаман сказуеми цІеран декъах а, гІоьнан хандашах-хоттамах а лаьтта, масала: *Пушкин поэт ву.*

Хандешан хІоттаман сказуеми инфинитивах а, гІоьнан хандашах а лаьтта, масала: *Дешархой экскурсе баха бохку.*

Ийна хІоттаман сказуеми цІеран хІоттаман а, хандешан хІоттаман а сказуемийн дакъойх лаьтта, масала: *Арахь хаза хила йоьлла.*

2. Коьртаза меженаша

2.1. Нийса кхачам

Цхьаболчу Іилманчаша нохчийн маттахь нийса кхачам нохчийн меттан кхоалгІа коьрта меже а йу аьлла билгалйаьккхина, масала: З. Д. Джамалхановс, Р.А. Махмаевас

шен «Нохчийн меттан грамматика/II дакъа Синтаксис» це йолчу учебника тIехь нийсачу кхачамна кху кепара кхетам ло: «ЦIерниг дожарехь а лаьтташ, подлежащин дар йа хилар шен тIедоьрзучу дашах нийса кхачам олу. Нохчийн меттан грамматикехь подлежащиххий, сказуемиххий, нийсачу кхачамаххий предложенин коьрта меженаш олу. Масала:

*Говро **буц** йуу.*

*Оха **латта** оху.*

ЦIерниг дожарехь лаьтташ а, сказуемино шеца терахьехь йа классехь барт беш а хиларна, нийса кхачам нохчийн маттахь предложенин коьрта меже лерина.

*Дас **йол** йеъна..*

*КIанта **дечиг д**оккху*

Ткъа Х.Б Навразовас а шен (Чеченский язык: описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения) , А.И. Халидовс а шен (Типологический анализ чеченского простого предложения) белхаш тIехь къастадо сказуемино нийсачу кхачамца классехь а, терахьехь а бартбар - нийса кхачам предложенин коьрта меже хиларан билгало цахилар а, сказуемино нийсачу кхачамца классехь а, терахьехь а бартбар - морфологически билгалонех хилар а. Со а сайн дипломни балха тIехь тIетовжу цара аьллачунна. ХIунда аьлча нохчийн маттахь дукха дац терахьашца а, классашца а хийцалун хандош-сказуемеш.

Аса говр хохку.

Дас шена машен ийцира.

Вайн ма-гарра, кху предложенешкахь хандош-сказуемехь йа классни гайтам билгалбаккхаран префиксаш а йац, йа цхьаллин а, дукхаллин а терахь къастош йолу суффиксаш а йац.

2.2. Лач кхачам

Лач дожарийн хаттаршна жоп а луш, хIума билгалйечу предложенин коьртазчу меженах **лач кхачам** олу.

доланиг дожар

Ирсе дахар хуьлийла вайн махкахойн!

лург дожар

Цо говрана шед туьйхира.

Хьавас Асетана керла киншкаш ийцира.

коьчалниг дожар

Дагарца даьккхира кIанта дечиг.

Уьрсаца хадийра нанас бепиг.

хотталург дожар

Дадас дечигах кад бира.

Со цунах ца кхетара.

меттигниг дожар

Ахьмада цаьрга дош делира.

Бераша шен нене ладугIу.

дустург дожар

Ручка къоламал йеха йу.

Терк Органал доккха ду

ЦIердашал а, цIерметдашал а сов, лач кхачам муьлххачу а къамелан декъах а хила тарло, лач дожарехь долчу цIеран маьIнехь иза хилахь. Масала:

лаамечу билгалдашах

Лекхачуьнга вистхилира иза.

Воккхачо жимачунна хьекъал делира.

лаамечу причастих

Идрис дика кхета Iамочух.

Хетачул тоьла хууш дерг.

терахьдешех

Цхьанна кечбинчу кхачано виъ вузийна.

ШолгIачуьнца дIавахара и.

масдарх

Дешарна т1ера вара Олахазар.

Цуьнан дийцаро со ойланашка ваьккхира.

2.3 Къастам

ХIумана билгало гойтучу предложенин коьртазчу меженах **къастам** олу.

Къастамаш шина кепара хуьлу: **бертан а** (барт бина), **бертаза а** (барт база).

Коьртачу дашца барт бечу къастамах **бертан къастам** олу. И барт билгалболу лач дожаршкахь къастаман чаккхе хийцайаларца, шайгахь терахьан категори йолчу билгалдешнех хиллачу къастамаша ша къасточу дашца терахьехь барт барца а, шайгахь грамматически классийн категори йолчу билгалдешнех хиллачу къастамаша ша къасточу дашца классехь бартбарца а. Масала:

лекха кIант	*лекхачу кIанта*
аьлла дош	*аьллачу дашо*
жима йурт	*кегий йарташ*

воккха стаг баккхий нах

Бертан къастамаш а хилла нохчийн меттан предложенешкахь лела:

1) лаамаза мухаллин билгалдешнаш:

Сийначу бацалахь лепара цIен зезагаш.

2) массо а билгалдешан хьалхарчу легар чу доьлху лаамаза йукъаметтигаллин билгалдешнаш а:

Стохкалера йалта телхина.

3) лаамаза рогIаллин терахьдешнаш:

Сан к1ант шолгIачу классехь доьшуш ву.

4) лаамаза причастеш:

Лоькхачу эшаро ойла дIайаььхнера.

5) причастни карчамаш:

Ца хууш диначу хIуманна Дала а гечдо.

6) цхьадолу лардан чаккхенгахь мукъа аз долу цIерметдешнаш, уьш ду: а) гайтаран – **хIара, дIора, иштта**; б) хаттаран – **муха, муьлха, мосалгIа**, **мичара**; в) къастаман – **кхи[н], важа**, г) къастамза – **цхьадолу, муьлхха а:**

хIара стаг – кху стеган *иштта амал – иштта чу амална*

муьлха адам – муьлхачу адамо *мосалгIа урам – мосалгIачу урамехь*

кхин кIант – кхечу кIанта *важа йоI – вукху йоIа*

цхьадолу хIума – цхьадолчу хIумано

Ша билгалдечу коьртачу дашца бар ца бечу къастамах **бертаза къастам** олу. Къастам бертаза хилар ду цо ша билгалдечу дашца дожарехь а, грамматически классашкахь а йа терахьехь а билггал йолу уьйр йолуш цахилар.

Бертаза къастамаш а хилла нохчийн меттан предложенехь лела:

1) цIердешнийн доланиг дожаран формехь долу йукъаметтигаллин билгалдешнаш*: ненан дог, болатан урс, йоьзан тас, аннийн керт;*

2) оьрсийн маттара тIеэцна билгалдешнаш: *экзаменационни комиси, политически гIуллакх;*

3) тIеозоран а, тIеозоран-доладерзоран а, иштта доланиг дожаран формехь лаьтта къастаман маьIнехь а долу цIерметдешнаш: *тхан беш, цуьнан киншка, кхуьнан бахам.*

Ша-тайпа къастам хилла лела нохчийн маттахь йуххедиллар.

ХIума билгалйеш, цунна йуххехIуттучу цIердашах йу**ххедиллар** олу: Масала:

Зуда-хьехархо класса чу йелира.

Бераша Терка чуьра баьккхира чабакх-чIара , йай-чIара а.

1. Юххедилларехь ший а йукъара цIе йелахь, хьалхарниг йуххедиллар, шолгIаниг цо билгалдеш долчу йукъарчу маьIнин коьрта дош хуьлу, масала: *йоI-дешархо, дешархо-йоI;*

2. Юххедилларехь долахь а, йукъара а цIераш хилахь, долахьчу цIарах йуххедиллар, йукъарчу цIарах цо билгалдеш долу дош хуьлу, масала: *Соьлжа-ГIала, Москва-ГIала*. Нагахь санна цу кепара йолчу композиташкахь хьалхара цIе йукъара а йолуш, ткъа долахь цIе рогIера йелахь, царна йуккъе дефис ца йуьллу: *хи Орга, хи Терк*.

3. Юххедилларехь долахьчу цIарца йолу йукъара цIе говзалла йа корматалла гойтуш хилахь, йукъарчу цIарах йуххедиллар, ткъа долахьчу цIарах цо билгалдеш долу дош хуьлу, масала: *поэт М.Сулаев, артист Дениев I.*

2.3. Латтам

Дар йа хилар муха, маца, мичахь, хIунда, мича Iалашонца кхочушхуьлу гойтучу предложенин коьртазчу меженах латтам олу. Шайн маьIнашка хьаьжжана, латтамаш хуьлу:

а) даран суьртан

б) бараман

в) меттиган

г) хенан

д) бахьанин

е) Iалашонан

И список Х.Б Навразовас а шен (Чеченский язык: описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения) цIе йолчу балха тIехь тIейуза йеза бохуш къастадо:

ж) тардаран, и латтам, дукхахьолахь, даран суьртан латтам олий къастабо, масала: *Жуьгтех халхавелира иза.*

з) мелаллин, масала: *Логгец декхарийлахь ву иза.*

Ткъа цхьаболчу меттаговзанчаша билгалбоху кхин а латтамаш:

и) дуьхьалара: *хуъушехь, луъушехь*;

й) хаттаран: *маца? хIунда*?

к) бехкаман: *алахь, аьллехь*

1. Дар йа хилар муха кхочушхуьлу а гойтучу латтамех даран суьртан латтам олу. Дукхахьолахь даран суьртан латтам а хилла лела мухаллин (даран суьртан) куцдешнаш:

Машен чехка йоьду.

ВахагIеран доьзал бертахь бехаш бу.

Даран суьртан латтам хилла лела тарло карарчу хенан деепричастеш а:

Велакъежаш лаьттара иза.

Жима кIант кхиссалуш вогIура.

Даран суьртан латтам хилла лела тарло куцдешнийн маьIнехь лаьтта цIерниг дожарийн форманаш (адвербиализаци хилла цIердешнаш):

Маьхьарца вогIура иза.

Безамца дора кIанта йоIе къамел.

Даран суьртан латтам хуьлу шиъ йа сов компонент йолуш:

Шен ма-хуьллу кIеда дора цо къамел.

Лийр воцуш санна деша.

2. Меттиг гойтучу латтамах меттиган латтам олу.

Меттиган латтам а хилла лела меттигниг дожаран форманех хилла куцдешнаш:

Iай тхо лома даха дагахь ду.

Сан ваша гIалахь Iаш ву.

Меттиган латтам а хилла лела иштта йукъарчу цIердешнийн меттигниг дожаран форманаш а:

Со хIинцца кхаьчна балхара цIа.

РегIехьа теIара догIанан мархаш.

Меттиган латтам а хилла лела шеца дештIаьхьенаш йолу цIераш а:

Дитта кIел йаьккхира оха тхайн стол.

Йаьшки чохь дIатарделлера жима кIеза.

Меттиган латтам а хилла лела тарло цIердешнийн хотталург дожаран форма а:

Да хьуьнах дечиге вахана.

Меттиган латтам а хилла лела

Ламанца дохк Iуьллу.

Ахархо ломаца йол хьокхуш ву.

Меттиган латтам а хилла лела хандешан латтаман форма а:

Ор доккхучу дахара тхо.

Ша кхоччучу бужу кхор.

3. Хан гойтучу латтамах хенан латтам олу.

Хенан латтам а хилла лела хенан куцдешнаш:

Кхана тхо театре гIур ду.

Стохка шо чIогIа беркате хиллера.

Хенан латтам а хилла лела тарло цIердешнийн коьчалниг дожаран форма а:

Суьйренца со волчу волалахь.

Іуьйренца гІаьттина новкъа велира со.

Хенан латтам а хилла лела карарчу хенан деепричасти а:

Охуш аьлларг оруш карийна.

4. Бараман латтам хандешнашца а, хандешан форманашца цхьаьна лела. И латтаман дешнаш хуьлу кху кепара: *дукха, алсам, алссам, чІогІа, Іаламат, вуно, уггаре а, инзаре, гІеххьа, сов, тІех, дуьззана, шозза, ккузза и.кх.дІ., дукхазза, кІеззиг, цхьакІеззиг, жимма, цхьажимма, цхьабосса* и кх.дІ.а.

Аса дукха дуьйцура цуьнга.

Шозза шиъ диъ ду.

Ахьмад гІеххьа воьхнера.

Дауда ахча алсам дехнера.

Бараман латтаман дешнаш лела тарло кхиболчу латтамашца а, къаьсттина даран суьртан латтамашца, дустаран барам билгалбоккхуш:

Асмаъ уггар дика доьшуш йу.

Іимран тІех дика кхета шена урокехь хьоьхачух.

5. Тардаран латтам хилла лела адвербиализованни форманаш (куддешнийн маьІна леладо цІердешнаш), коьрта долчу декъана уьш цІердешнийн хотталург дожаран форманаш йу:

Зударех хелхавелира жухург.

Тардаран латтам хила тарло цІерниг йа дийриг дожаран форманаш хуттургашца цхьаьнадарца:

Иза нІаьна санна кхайкхира.

Жимачу кІанта беро санна болар дира.

6. Бахьана гойтучу латтамах бахьанин латтам олу.

Шелонна кІезий цІийзара.

Цунна хІуьттареннa Азмана и гІуллакх ца дира.

Бахьанин латтам а хуьлий лела цІердешнийн а, цІерметдешнийн а форманаш, кху кепарчу адвербиализованни куддешнашца цхьаьна леларца а, хандешнаш **дела** бохучу хуттургаца цхьаьна леларца а:

ТІом бахьанехь *дукха бохамаш хилла нахана.*

И веъна ***дела*** *хилла хІара.*

Бахьанин латтам хила тарло, масдаран лург дожаран формица хандош йа мухалла гойту билгалдош цхьаьнадарца:

И веъна хиларна *хилла хІара.*

Сиха хиларна *даьлла цуьнгара хIара*.

Бахьанин латтам хила тарло йеккъа цхьана масдаран лург дожаран форманах а:

Iилларна цуьнан меженаш лацайелла.

7. Iалашо гойтучу латтамах Iалашонан латтам олу.

Iалашонан латтам хуьлу цIердешнех хиллачу куццдешнех: **совгIатана, безамна, хIуьттаренна, забарина, синтемана.**

Цунна хIуьттаренна Азмана и гIуллакх ца дира.

Iалашонан латтам а хилла лела **хьама** дакъалг тIекхетта масдарш.

Айзан туькана киншкаш эцархьама йахара.

Iалашонан латтам хилар тарло **вахар-вар** гойтучу хандешнашца, хандешан билгалзачу кепаца цхьаьнадалорца:

Айзан туькана киншкаш эца йахара.

Иштта Iалашонан латтам хилла лела тарло лааме причастин форма а:

Цуьнга духалург ахча делла аса.

3. ПРЕДЛОЖЕНИН ШАКЪАЬСТТАНА МЕЖЕНАШ.

Шакъаьстина меже – иза предложенин синтаксически гIуллакх, маьIна совдаккхархьама, ладугIучунна йа йоьшучунна цунна тIе тидам къаьсттина бахийта безар билгалдаккхархьама, предложенина йукъайалийна а, цуьнан хIоттамехь билгалйаьккхина а меже йу. Шакъаьстина меже цхьана лаьтташ хила а тарло, шиъ йа мелла а дукха дешнех лаьтташ а хуьлу. Шакъаьстинчу меженна йукъадогIуш мел дешнаш хиларх, и берриге «карчам» цхьа меже лору. Шакъастар гойтуш сацоран хьаьркаш леладо, коьртачу декъана, цIоьмалг. Шакъаьстинчу меженийн тайпанаш *хьажа лахахь*.

3.1. Шакъаьсттана кхачам

Шакъаьстина кхачам предложенин шакъастинчу меженийн тайпанех цхьаъ бу. Кхачамаш (баьржина а, баржаза а) предложенехь шакъаьста, нагахь санна уьш *метта, меттана, сов, совнаха, бен, тIехь, хьовха* бохучу дешнашца а (дештIаьхьенашца), воцург (йоцург, боцург, доцург), цуьнан дожарийн кепашца, *хьовха, а тIехь, а цхьаьна* а дешнашца а лелаш хилча: *Тхан хьехархочо, **цIахь бан лучу балхал сов**, суьрташ дахкар тIедиллира тхуна. Тхуна массарна а, **Вахина а цхьаьна**, совгIаташ дира*.

3.2. Шакъаьсттана латтам

Шакъаьстина латтам предложенин шакъастинчу меженийн тайпанех кхин цхьаъ а ду. Цунах шакъаьстина латтам ца олуш, *латтаман дурс* олу нохчийн грамматикехь,

Шакъаьстина латтамаш: Іалашонан (*Шен ден сийнна, **цуьнан махкахь йоккхуш хилла йолу дика цІе ларйархьама**, шена хетарг а, луург а йуха а теттина, маслаІат тІеийцира цо*); бахьанин (*Ахь вийцина волу Айдамар, **халахетар сов а даьлла**, деган цамгарх кхелхина стохка*); *меттиган латтам (Мохьмад, йу**ьртара ара а ваьлла**, Малхбалехьа дІаволавелира); хенан латтам (Маликас, **шен кІанте схьа а кхайкхина**, иза дена дуьхьал вахийтира)*.

3.3. Шакъаьсттана къастам

Шакъаьстина къастам предложенин шакъастинчу меженийн тайпанех цхьаъ ду. Шакъаьстинчу къастаман гІуллакх кхочушдеш лела хІара дешнийн кепаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а: причастин карчам, йуххедиллар, шен коьртехь билгалдош долу дешнийн цхьаьнакхетарш, дукхахьолахь, *волу* (*долу, болу, йолу*) хандешан гІоьнца билгалдечу дашца уьйр хуьлуш долу: *Суна тахана гІали йуккъехь гинарг Бексолта вара, **дукха хан йоццуш йуьртара схьакхелхина (волу); Дукха хан йоццуш йуьртара схьакхелхина волу**, хІинца а гІала дика йевзаза вара Бесолта; Малика, **жима а, куьцехь а йолу**, кхиболчу мехкаршна йукъахь къаьсташ йара*. Шен къаьсттина билгалонаш йолуш ду шакъаьстинчу къастамийн тайпа – *шакъаьстина йуххедиллар*.

Шакъаьстина йуххедиллар ша билгалдечу дашах дІа а ца кхеташ, цунах къастина (йуххебиллина) болу къастам бу. Йуххедиллар хуьлу даьржина а, даржаза а. *Даьржина* йуххедиллар шакъаьста, нагахь санна І) долахьчу цІарна тІехьа нисделча: *Юнус Дешериев, **нохчийн дуьненахь а гІараваьлла волу меттан Іилманча**, вина ТІехьа-МартантІехь 1918-чу шарахь;* 2) йукъарчу цІарна йа цІерметдашна тІехьа нисделча: *Сан ваша, **стохка университет чекхйаьккхина волу къона говзанча**, аспирантуре деша вахана*; *Иза, **стохка университет чекхйаьккхина волу говзанча**, аспирантуре деша вахана*. *Даржаза* йуххедиллар шакъастаран меттигаш хІорш йу: 1) цІерметдашна тІехьа нисделча: *Тхо, **студенташ**, хаза бертахь Іаш ду йукъараІойлехь*; 2) долахьчу цІарна тІехь нисделча: *Ахмадов Мусас, йаз**дархочо**, шен кхолларалле лаьцна дийцира студенташна*; 3) шеца кхеторан дешнаш долчу, ша кхетош долчу даьржинчу цІердашна тІехьа нисделча: *Тхойшиннен а воцуш ца терг волу доттагІа, **Іабдул-Малик**, тІаьхьарчу хенахь цамгарш лехьо воьлла*. Шакъаьсташ доцу йуххедиллар шакъаста тарло, нагахь санна йукъарчу цІердашна тІехьа хиларал совнаха, къамелехь мелла а соцунгІа а йеш, тІетухучу маьІнехь иза далош делахь: *Воккхачу стеган, **Ахьмадан**, дуккха а дара кегийрхошна дийца*. Йуххедилларо кхетош дерг лааме билгалдош йа кхидолу лааме дош хилча (терахьдош,

причасти, цIерметдош), йуххедилар шакъаьста: *Воккхачун, **Межедан**, шен долахь пхалгIа йу; Кхелхинчун, Бисолтин, байш хила тIаьхьависина цхьа а вац*. Нагахь ламе дош цIердашна тIехьа нисделча, шакъаьстина йуххедиллар цунах хуьлу: *Межедан, **воккхачун**, шен долахь пхалгIа йу; Бисолтин, **кхелхинчун**, байш хила тIаьхьависина цхьа а вац*. Йуххедилларийн шакъастар къамелехь соцунгIица къастадо, йозанехь коьртачу декъана запятой йилларца билгалдоккху, предложенина йуккъехь хилахь – шина а агIор: *Нохчийн дуьненахь а гIараваьлла волу меттан Iилманча, **Юнус Дешериев**, 1918-чу шарахь ТIехьа-МартантIехь вина.* Йуххедиллар сиз (тире) йилларца а къасто тарло, нагахь санна иза, ша кхеточу дашна тIаьхьа а долуш, кхеторан маьIна къаьсттина билгалдоккхуш делахь: *Цхьанхьа ваха новкъаваьллачохь соьгахь даим а хуьлура Мохьмад Мамакаевн байтийн гулам – **суна некъа бацбеш волу сан некъан накъост**; Соьгахь даим а хуьлура Мохьмад Мамакаевн байтийн гулам – **суна некъ бацбеш волу сан некъан накъост** – цхьанхьа ваха новкъаваьллачохь*.

Шакъаьстинчу меженашна йукъахь вай лакхахь йух-йуха хьехийна болу карчамаш къаьсттина бийца хьакъ долуш бу.

4. ЦХЬАЛХЕЧУ ПРЕДЛОЖЕНИН ЧОЛХЕЙАЛАР

Цхьалхечу предложенин хIоттам йукъа мелла а коьртачу декъах къаьстина дешнаш а, карчамаш а кхетарца чолхеболуш а хуьлу. Иштта предложенех **чолхейаьлла предложение** олу. Предложени чолхейоккхучу шакъаьсттанчу меженех лаьцна вай дийцира лакхахь. Ткъа хIинца шена тIе тидам бахийта догIуш предложени чолхейоккхучу карчамашна.

Карчамаш масех тайпана бу:

1) *причастин карчам;*
2) *деепричастин карчам;*
3) *дустаран карчам*

Цул совнаха, цхьаболчу Iилманчаша а, дешаран грамматикаша а шакъьстина билгалдоккхуш латтаман дурс.

Багарбинчу карчамех лаьцна дуьйцур ду вай кхидIа.

4.1. Причастин карчам

Причастин карчам (-аш) шеца кхетош долу дешнаш а долуш, коьртехь причасти йолуш, предложени чохь цхьана меженан гIуллакх кхочушдеш долу дешнийн цхьаьнакхетарх олу. Нохчийн маттахь причастин карчамаш шайн башхаллаш йолуш бу. Уьш предложенин хIоттамехь шакъаьстинчу у, шакъастазчу а къастамийн гIуллакх

кхочушдеш хуьлу. Нагахь санна карчам ша билгалдечу (кхеточу) дашна хьалха нислахь, цунна тІаьхьа сацоран хьаьрк (запятой) дилла ца догІу, карчам къаьсттина билгалбоккхуш бацахь: ***Селхана шуьгахь хьошалгІахь хила волу стаг*** *тахана гІалахь гира суна;* ***Ахь хала хьалахІиттийна*** *цІеношцІаро дагийна ма боху?! ЦІаро дагийна ма боху* ***ахь хала хьалахІиттийна*** *цІеноша?!* Причастин карчам кхолларехь дакъалоцуш гІоьналлин хандашах хила причасти *долу (волу, йолу, болу)* лелайо. Оцу кепара причастин карчамаш шакъаьстина меже (къастам) а хуьлу, амма *долу* хиларх карчам шакъаьстина хуьлу бохург дац и. Карчаман маьІна шорделча, цуьнан, хІуманан билгалонал совнаха, латтаман маьІна а делахь, тІаккха хуьлу причастин карчамах шакъаьстина къастам, кхеточу дашна хьалха а, тІехьа а нисбелча, дукха хьолахь *долу* йукъахь долуш, амма и ца хилча а: **ХІинца а ша кога хІоттаза волу** иза муха ларалур ву шу дерриге а дІанисдан? ***ХІинца а ша а кога хІоттаза****, иза муха ларалур ву шу дерриге а дІанисдан?* Запятой билггал хІотто деза, нагахь санна причастин карчам предложенина йуккъехь а болуш, кхеточу дашна хьалха ца хилча: *Иза муха ларалур ву,* ***хІинца а ша кога хІоттаза волу****, шу дерриге а дІанисдан?* Барта къамелехь причастин карчамаш йукъабогІучу предложенийн маьІнин, интонацин агІонгахьара тайпанаш дукха нисло, цунна чІагІдеш цаьрца лелош долу хьаьркаш хІитторан бакъонаш хІитто атта дац. Предложенин хІоттамехь, шакъаьстина белахь а, бацахь а, причастин карчамаш цхьа меже хуьлий лела. Хетарехь, шакъаьстинчух карчам а аьлла, шакъастазчух баьржина къастам аьлча нийса хир дара. Делахь а, иза атта къасталур долуш хІума дац, кІорггера таттамаш ца бича билггал дерг цу хьокъехь ала хала ду.

4.2. Деепричастин карчам

Деепричастин карчам (-аш) (деепричастный оборот) – шеца кхеторан дешнаш долчу деепричастис кхуллуш болу карчам бу. *Цо доккха садаьккхира,* ***кехат дешна ваьлча****; Иза,* ***цкъа леррина массаьрга а дІаса а хьаьжна****, лен велира*. Предложенехь шакъаьстина латтам хуьлий лела иза. Деепричастин карчамаш запятойшца схьакъастабо, кхетош долчу хандашана хьалха (предложенин йуьххьехь) йа тІехьа (предложени чекхйолучохь) хилча – шена тІаьхьа йа хьалха, йуккъехь хилча – шина а агІор запятой хІоттош: ***Кехат дешна а ваьлла,*** *цо доккха садаьккхира; Цо доккха садаьккхира,* ***кехат дешна а ваьлла****; Цо,* ***кехат дешна а ваьлла,*** *доккха садаьккхира;* ***цкъа леррина массаьрга а дІаса а хьаьжна****, лен велира иза*; *Иза лен велира,* ***цкъа леррина массаьрга а дІаса а хьаьжна****;.Иза,* ***цкъа леррина массаьрга а дІаса а хьаьжна****, лен велира*.

4.3. Дустаран карчам

Дустаран карчам шеца дозуш долу йа кхечу кепара цуьнца а, вовшашца а уьйр йолу дешнаш долчу дешан гонах хилла болу карчам бу, предложени чохь шакъаьстинчу меженан гIуллакх деш болу. З.Д. Джамалхановссий, М.Ю. Мачиговссий дустаран карчамаш карчамаш санна къаста а ца бо Цара дустаран карчамаш даран куьцан тIетуху предложениш санна буьйцу: «Даран куьцан тIетухучу предложенишна йукъайогIу дустаран а, бараман а, тIетуху предложенишший, дустаран карчамашший. Дустаран тIетуху предложени а, дустаран карчам а коьртачу предложенех хутту ***санна*** бохучу дустаран хуттурго. Йоцачу дустаран тIетухучу предложенех **дустаран карчам** олу» (циггахь, 73 агIо). Карчамах предложени алар Iилманца цхьана а кепара догIуш дац, ткъа параграфана бухахь мел далош долу масалш карчамийн масалш ду: ***Седа санна****, сирла дара шовда;* ***Деши санна****, цIена дара йалта;* ***Бухь бойначу попа тIе дайн куьйра ва санна****, ша дина хиира, тов, и Жумин Акхтула*. Схьахетарехь, хьалхарчу шина предложени чохь болчу карчамашкахь кIезиг дешнаш хиларна («йоца тIетуху предложени») уьш карчамаш лара реза ву З.Д. Джамалханов, ткъа тIаьххьарчу предложени чуьра карчам, дешнаш алссам хиларна, карчам а ца лору. Бакъду, «тIетухучу предложенийн кепаш» аьлла долчу З.Д. Джамалхановн, М.Ю. Мачиговн учебникан декъехь дустаран тIетуху предложени вайна ца карайо (31-43-гIа §§), ткъа лакхахь вай далийна долу церан масалш а, царах тера дерш а «даран суьртан а, бараман а тIетуху предложениш» цIе йолчу параграфехь ду (35-гIа §). Ишттачу бух тIехь вайн синтаксис хуьлийла дац, дешнаш кIезиг-дукха хиларца предложениш а, карчамаш а къестор цхьана а кепара Iилманца догIуш дац/ цхьанхьа цхьа цIе йолуш а, дуьйцуш а, ткъа кхечанхьа, леррина дийца догIучохь, хьаха а ца деш хила ца деза предложенин тайпанаш а, кхидерг а. Мел дукха дешнаш хиларх, карчамаш бен ца кхуллу *санна* хуттургаца а, *терра* хуттурган дашца а лелаш долчу дешнаша. Дешнаш дукха-кIезиг хиларца доьзна дац карчамашший, предложенишший къестайар, церан маьIна а, кхочушдеш долу синтаксически гIуллакх а, дар йа хилар гойтуш хилар йа цахилар ду, «предикаци» кхоллалуш хилар-цахилар. Хьахийначу учебника тIехь хьоьхучу кепара туьдуш хилча, *БIагIалона, гатийуьртахойн моллина санна, бIаьрга ган ца безара оьрсий а, церан Iедал а* (Айдамиров Абузар) чолхе предложени лара дезар ду, шена чохь дустаран тIетуху предложени *гатийуьртахойн моллина санна* а йолуш, ткъа иза иштта цахилар гуш ду. Бакъду, шайна чохь деепричастиш хилча, тIетухучу предложенишна герга гIоьрттина хуьлу дустаран карчамаш: ***Берсина тIекхета санна****, ши куьг хьан тIе а хIоттийна, массо пха буьйсина, лаг дахдина хьала а кхевдина, элира…* (Айдамиров Абузар); *Иза сихха схьавирзира шена тIаьхьа луьйчаьрга,* ***цара тIаьхьашха шена цхьа хIума тоьхча санна***. Ишттачохь,

йолуш йолчу учебникашна тIе а тевжаш, дустаран тIетуху предложениш къастайо, амма уьш дустаран карчамаш бен ца хуьлу, шайн коьртехь деепричастиш а йолуш. Ткъа уьш тIетухуш предложениш лараран бахьана, хетарехь, оьрсийн матте гочйеш уьш маьIница дустаран предложенишца гочйар ду: ***цара тIаьхьашха шена цхьа хIума тоьхча санна***, масала, оьрсийн маттахь «как будто они его сзади чем-то ударили» хуьлу, ткъа иза «сравнительное придаточное предложение» йу.

Дустаран карчамех шуьйра пайдаоьцу йозанан исбаьхьаллин литературехь. Лакхахь далийнчарна тIедалош хIара масалш а ду, синтаксически стилистикехь дустарша дIалоцу меттиг йовзийтархьама: ***Iесачу адаман Iожалла санна, Десачу адаман тобадар санна,*** *Заманан маьттазло балане йаьлча, Карийнарг хуьлу сан ойлане ваьлча* (Бисултанов Апти); ***ЦIоканах бала хилла дера ча санна****, Сайн шерех бала хила, Хьан некъах къихки со.* ***МостагIчух гIала хилла бIаьрзе стаг санна****, Хьан цIарах бIов хилла, Хьан новкъахь сийци со* (Бисултанов Апти). Хьажа кхин а: «*Дустаран тIетухучу предложенех» дерг.*

4.4 Латтаман дурс

Латтаман дурс бохучу цхьаболчу Iилманчаша лелочу терминна йукъадогIуш долу дош **дурс** меттаIилманан термин йина лелош куцдош ду, «нийсса иштта, дуьззана, кхоччуш, баккъал а иштта» бохучу маьIнехь долу, масала: *ахча схьаэцна* ***дурс*** – ахча кхоччуш, дерриг а схьаэцна. Оцу куцдашах меттаIилманан термин йаран бахьана хууш дац, *шакъаьстина латтам* бохучу терминах тоам ца баран а. Шакъаьстинчу латтамех олуш ду нохчийн грамматикашкахь дурс: *Селхана,* ***суьйре йуллучу хенахь****, со новкъа велира; Геннахь,* ***Гуьмсе йолчу агIорхьа****, стигал къевкъира*. Шакъаьстинчу латтамийн *дурс* бохучу куцдашаца маьIна хIотталуш а ца хилча, ткъа цу дашца билгалйоккхучу предложенин меженан кхеташ йолу шен цIе а хилча (*шакъаьстина латтам*), и термин лело оьший-те, аьлла, хетало. Вуьшта, термин схьайаьлла дош (цуьнан маьIна) тидаме оьцуш ца хилча, *дурсах* пайдаэца мегар дара, масала, *залог* бохучу дешан меттана иза йукъайалорца.